



Pou Piblikasyon Imedya: 07/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PATENARYA KAT EXCELSIOR LA AVÈK EMPIRE STATE REALTY TRUST

Tout pwopriyete Empire State Realty yo nan Eta New York, sa gen ladan pi gwo bilding biwo li yo, pral aksepte Kat Excelsior la kòm altènativ pou pwosedi depistaj nan bilding yo - sa k ap sipòte Nouyòkè yo pou tounen travay

Apati 10 jen, Eksperyans nan aswè "Selebrasyon Excelsior", evènman espesyal 'Sunrise' ak tikè obsèvatwa esklizif avèk rabè pou sila yo ki prezante prèv vaksinasyon avèk Kat Excelsior la

Gen plis pase 2 milyon Kat Excelsior ki te emèt depi Eta New York te lanse premye platfòm volontè ki se premye nan nasyon an nan mwa mas; Kounye a li disponib nan plis pase 10 lang

Eklaraj dinamik obsèvatwa Empire State Building lan pral selebre pwogrè Eta a lè nou atenn 70% avèk yon animasyon anblematik "Reyimajine, Rebat, Renouvle"

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon patenarya avèk Empire State Realty Trust, Inc. (ESRT), ki pral kounye a itilize Kat Excelsior la nan tout pwopriyete Eta New York li yo, pwofite teknoloji inovasyon, verifyab pou sipòte retou nan travay nan New York - ak amizman.

Apati 9 jen 2021, nenpòt lokatè oswa vizitè nan Empire State Realty Trust pral kapab prezante Kat Vaksinasyon Excelsior la kòm prèv vaksinasyon COVID-19 epi sote pwosedi depistaj bilding yo ki gen ladan depistaj tanperati. Inisyativ sa a pral mete anplas nan pòtfèy bilding komèsyal ESRT yo nan Eta New York, sa gen ladan Empire State Building lan epi benefisyè a peprè 600 konpayi. Tout pòtfèy konpayi an kouvri 10.1 milyon pye kare ki ka lwe, sa gen ladan 11 pwopriyete biwo nan Eta New York, avèk nè ki espesyalman sitiye nan Manhattan ak de ki nan Konte Westchester, New York.

"Empire State Building lan se youn nan senbòl Empire State ki pi anblematik - epi evènman espesyal sa yo pral ede Nouyòkè yo tounen an sekirite nan aktivite ak atraksyon yo te manke yo epi bay yon lòt rezon ankò pou pran vaksen", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan plizyè deseni, Empire State Building te reprezante lespri antreprenè New York epi n ap travay pou pèmèt Nouyòkè yo tounen nan biwo nan itilize Kat Excelsior la nan bilding biwo yo, sa k ap pèmèt yo tounen nan travay an sekirite pou nou ka rebati pi byen ke sa te janm ye anvan".

Prezidan Konsèy, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Empire State Realty Trust, Anthony E. Malkin, te deklare, "New York ap tounen pi djanm ke jamè apre COVID-19 la epi nou remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li. Nou onore pou travay avèk Eta a pou sipòte Kat Excelsior la atravè evènman espesyal yo nan Obsèvatwa Empire State Building lan, ansanm ak tout pwopriyete biwo nou yo nan Eta New York, kòm yon zouti enpòtan pou pèmèt moun yo tounen travay - ak amizman. New York vivan ak dinamik, epi Empire State Building isit la pou resevwa lokatè biwo nou yo ak vizitè ki vaksinen yo ki soti toupatou nan monn lan pou eksperyans an pèsòn eksitan sa yo ke yo te toujou rekonèt li pou sa - apati kounye a ak pou plizyè ane alavni".

Obsèvatwa anblematik Empire State Building lan pral resevwa yon evènman esklizif "Excelsior Pass Sunrise" pou kliyan ki vaksinen yo nan 13 jen, k ap ouvri pou sila yo ki prezante prèv vaksinasyon COVID-19 avèk Kat Excelsior. Apati 10-26 jen, Empire State Building pral ofri detantè Kat Excelsior yo ak kliyan ki vaksinen yo aksè esklizif nan "Selebrasyon Excelsior" la pou viv obsèvatwa ki selèb nan monn lan san mask nan jedi apati 10 p.m. rive 12 a.m., ansanm ak vandredi ak samdi swa soti 11 p.m. rive 1 a.m. Pandan pwomosyon an, detantè Kat Excelsior yo pral gen opòtinite pou achte tikè konbine pou obsèvatwa 86yèm/102yèm etaj yo nan yon pri avèk rabè - sa ki bay Nouyòkè yo yon lòt rezon espesyal pou pran vaksen. Empire State Building pral resevwa tou yon sit vaksinasyon tanporè avèk Eta New York nan mwa k ap vini an.

Plis pase 2 milyon Kat Excelsior te emèt depi Eta New York te lanse premye platfòm volontè, ki se premye nan nasyon an nan mwa mas, ki disponib kounye a nan plis pase 10 lang. [Kat Excelsior](#), ke lokal, inivèsite, estad, biznis ak restoran yo itilize - epi kounye a ki se destinasyon touristik anblematik ak bilding biwo yo tankou Empire State Building - se yon fason gratis, rapid epi sekirize pou prezante prèv dijital vaksinasyon oswa rezilta tèst negatif COVID-19 ki ede pèmèt Nouyòkè yo retounen nan bagay yo renmen ak manke yo - nan tout sekirite. Kòm dabitid, moun yo ka toujou prezante lòt fòm vaksinasyon ak rezilta tèst negatif COVID-19 dirèkteman nan biznis ak lokal yo.

Empire State Building pral selebre pwogrè Eta New York lè nou atenn 70% atravè yon ekleraj espesyal ki prezate kanpay "Reyimajine, Rebati ak Renouvle" Eta a. Eleman detèminan liy orizon Vil New York la, limyè Empire State Building yo te sezi imajinasyon monn lan pandan plizyè deseni. Nouyòkè yo kapab gade limyè ki afiche depi nan lari, apatman, fenèt, balkon oswa yon seri pwen vizyon pa deyò, sa gen ladan:

- Manhattan: Madison Square Park, Bryant Park, Penn Station (33rd Street ant 7th ak 8th Avenues)
- Brooklyn: Brooklyn Heights Promenade, Marsha P. Johnson State Park (Williamsburg), Brooklyn Bridge/Brooklyn Bridge Park, Williamsburg Waterfront, ak Washington Street (DUMBO)
- Queens: Gantry Plaza State Park (Bò Dlo Vil Long Island)
- Espèktatè yo ki deyò Vil New York pral kapab gade espektak la k ap transmèt an dirèk
-

Konsènan Kat Excelsior a: [Kat Excelsior](#) - yon platfòm volontè ki se premye nan nasyon an - li se yon fason rapid, gratis ak sekirize pou prezante prèv dijital sou vaksinasyon oswa rezilta tèst negatif COVID-19 la ki sipòte Nouyòkè yo nan rebati pi byen ak pi sekirite ke sa te janm ye anvan. Itilizatè ki enterese aksepte itilize Kat Excelsior a, ki gen yon Kat Vaksinasyon ak de opsyon Kat Tès diferan kounye a epi disponib nan plis pase 10 lang, ka aprann plis ak rekipere Kat yo a [isit la](#). Biznis ak òganizasyon ki enterese ka enskri epi aprann plis [isit la](#) epi telechaje resous maketing dijital yo [isit la](#) pou ede demontre kliyan ak konsomatè yo ke biznis yo aksepte Kat Excelsior. Nouyòkè yo ka toujou prezante lòt fòm vaksinasyon ak rezilta tèst negatif COVID-19, tankou fòm pape, dirèkteman nan biznis ak lokal yo.

Konsènan Empire State Realty Trust

Empire State Realty Trust, Inc. (NYSE: ESRT) posede, jere, opere, akri ak repozisyon biwo ak pwopriete vant an detay yo nan Manhattan ak zòn metwopoliten greater New York la, sa gen ladan Empire State Building, "Bilding ki Pi Selèb nan Monn lan". Pòtfèy biwo ak vant an detay konpayi a kouvri 10.1 milyon pye kare ki ka lwe, apati 31 mas 2021, ki gen ladan 9.4 milyon pye kare ki ka lwe atravè 14 pwopriete biwo, sa gen ladan nèf nan Manhattan, twa nan Konte Fairfield, Connecticut ak de nan Konte Westchester, New York; ansanm ak anviwon 700,000 pye kare ki ka lwe nan pòtfèy vant an detay la.

Empire State Realty Trust se yon lidè nan efikasite enèji nan anviwònman ki konstwi ak espas dirabilite, avèk 76 pousan pòtfèy ki elijib [ENERGY STAR](#) sètifye nan 100 pousan elektrisite ewolyèn renouvlab ki totalman alimante. Kòm premye pòtfèy imobilye komèsyal nan Amerik yo pou jwenn [WELL Health-Safety Rating](#) verifye pa yon tyès pati epi ki fonde sou prèv, ESRT te genyen tou Klasman 5 Etwal [GRESB](#) ki pi wo a ak rekonesans Green Star pou pèfòmans dirab nan byen imobilye epi te nonmen yon [Fitwel](#) chanpyon pou bilding ki sen, trè pèfòman. Pou aprann plis sou Empire State Realty Trust, ale sou [esrtreit.com](#) epi swiv ESRT sou [Facebook](#), [Instagram](#), [Twitter](#) ak [LinkedIn](#).

Konsènan Empire State Building

[Empire State Building](#), "Bilding ki Pi Selèb nan Monn lan," ke [Empire State Realty Trust, Inc.](#) (ESRT: NYSE) posede, monte nan 1,454 pye anlè Midtown Manhattan soti nan baz la rive nan antèn lan. Reyimajinasyon 165 milyon dola Eksperyans Obsèvatwa Empire State Building lan kreye yon eksperyans ki nouvo avèk yon antre ki dedye pou envite, yon mize entèraktif avèk nèf galri ak yon Obsèvatwa repanse nan 102yèm etaj avèk fenèt ki soti depi atè rive nan plafon. Pakou pou rive nan 86yèm etaj Obsèvatwa ki selèb nan monn lan, sèl obsèvatwa 360 degre, anplennè avèk panorama sou New York ak odela, oryante vizitè yo pou eksperyans yo nan tout Vil New York epi kouvri tout bagay soti nan istwa anblematik bilding lan rive nan plas aktyèl li nan kilti pòp la. Aprann plis nan [www.esbnyc.com](#). 2021 se ane 90yèm anivèsè Bilding lan ki te ofisyèlman ouvri nan 1ye me 1931. Deklare "Bilding Pefere Amerik la" pa Enstiti Achitèk Ameriken yo, ansanm ak destinasyon vwayaj ki pi popilè nan monn lan pa Uber ak #1 atraksyon

Vil New York pa Lonely Planet, li resevwa plis pase 4 milyon vizitè chak ane ki soti toupatou nan monn lan.

Depi 2011, bilding lan te alimante konplètman avèk elektrisite renouvlab, epi pil etaj li yo prensipalman loje yon seri lokatè biwo divès tankou LinkedIn, Shutterstock, ak Global Brands Group, ansanm ak opsyon vant an detay yo tankou STATE Grill and Bar, Tacombi, ak Starbucks. Pou plis enfòmasyon ak tikè pou Eksperyans Obsèvatwa a, ale sou esbnyc.com oswa swiv [Facebook](#), [Twitter](#), [Instagram](#), [Weibo](#), [YouTube](#), oswa [TikTok](#) bilding lan.

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)